

TOUAZIÈM PATI

Lavi nan Kris-la

PRÉMIÉ SÉKSION

Vokasion moun-nan : lavi nan Éspri-a

DÉZIÈM CHAPIT

Kominoté moun-nan

ATIK 3

Jistis sosial-la

1928 Sosiété-a asiré jistis sosial-la, lè-l mété kondision-yo an plas ki pèmèt
2832 asosiasion-yo ak chak individu jouinn sa yo doué yo dapré natu yo ak
vokasion yo. Jistis sosial-la maré ak byin komin-an épi égzèsis otorité-a.

I. Réspè pou moun-nan kòm moun

1929 Yo pa kapab rivé jouinn jistis sosial-la si sé pa nan réspè pou dignité
1881 transandan moun-nan. Moun-nan sé dènié finalité sosiété-a ki fèt pou li :

Défans ak promosion dignité moun-nan kòm moun, « Kréatè-a rinmèt yo
nan min nou, épi [...] sé pròp dèt gason-yo ak fi-yo poutèt réponsabilité yo
ginyin nan ninpòt épok istoua-a » (SRS 47).

1930 Réspè pou moun-nan kòm moun impliké réspè doua-yo ki soti nan
1700 dignité-l kòm créatu. Doua sa-yo la anvan sosiété-a épi yo mété yo sou
1902 kont sosiété-a. Sé yo ki fondé léjimité moral tout otorité : sosiété ki pasé
yo nan jouèt oubyin ki réfizé rékonèt yo nan léjislasion pozitif-li, sé pròp
léjimité moral li-a l-ap fè tonbé (cf. PT 65). San réspè sa-a, sé sèlman
sou fòs violans otorité-a kapab apuiyé pou-l rivé jouinn obéyisans moun
ki anba pouvoua-l yo. L'Égliz-la gin dévoua pou-l raplé doua sa-yo nan
mémoua moun ki gin bòn volonté-yo épi pou-l distingé yo parapò a fo-
révandiksyon oubyin abi.

- 1931
2212 Réspè pou moun-nan kòm moun sipozé respè prinsip sa-a : « chak moun doué konsidéré prochin-an, san okinn éksépsion, tankou yon “lòt li-minm”, sé pou-l gin intèrè toudabò pou lavi-l épi mouayin ki nésèsè pou-l kapab viv-li ak dignité » (GS 27, §1). Pa gin okinn léjislasion ki kapab éliminé ak pròp fòs-li krint, préjijé, ògèy épi dispozision rinmin avèg pou pròp tèt-ou (« égoyism »), k-ap konbat établisman yon sosiyété ki vrèman fratènèl. Mòd konpòtman sa-yo sé charité-a sèlman ki fè yo sispann, paské li fè dékouvri nan chak moun yon « prochin », yon frè.
- 1825
- 1932
2449 Dévoua pou nou tounin prochin lòt-la épi pou nou mété aktivité nan sèvi-l vîn pi présé lè li pi nan bézouin, pou kèlkésoua rézon-an. « Chak foua nou té fè sa pou youn nan pi piti nan frè-m sa-yo, sé pou mouin minm nou té fè-l » (Mt 25, 40).
- 1933
Minm dévoua sa-a valab pou sa-yo ki pa pansé oubyin ki pa aji minm jan ak nou. Ansègnman Kris-la rivé jous nan padoné moun ki fè nou kichòy. Minm kòmmandman rinmin-an, ki pròp pou nouvo Laloua-a, li fè-l rivé jous nan rinmin pou tout ènmi-yo (cf. Mt 5, 43-44). Libérasion-an nan léspri Évanjil-la pa konpatib ak rayi ènmi-an kòm moun, min li konpatib ak rayi mal-la moun-nan fè kòm ènmi-an.

II. Égalité épi diférans ant moun-yo

- 1934
225 Tout moun-yo, sé dapré pòtré yon sèl Bondié-a yo kréyé yo, yo gin minm nanm rasionèl-la, yo gin minm natu ak minm orijîn. Antan sakrifis Kris-la rachté yo, yo rélé yo tout pou patisipé nan minm kontantman anplin Bondié-a : donk yo tout gin minm dignité-a.
- 1935
357 Égalité ant moun-yo fondé ésansiyèlman sou dignité yo chak pèsònèlman épi sou doua-yo ki soti nan dignité sa-a :
- « Tout [...] fòm diskriminasion nan doua fondamantal moun-nan, soua sosial soua kiltirèl, poutèt sèks, ras, koulè, kondision sosial, lang oubyin rélijyon, sé pou yo dépasé yo épi éliminé yo, poutèt yo kontrè ak projè Bondié-a » (GS 29, § 2).
- 1936
1879 Lè moun-nan vîn sou tè-a, li pa gin tout sa ki nésèsè pou progrè lavi kò-l ak léspri-l. Li bézouin lòt moun-yo. Gin diférans ki vîn parèt parapò a laj, kapasité fizik, abilté intéléktuèl oubyin moral, échanj chak moun té kapab bénéfisié, répatision richès-yo (cf. GS 29, § 2). Yo pa distribué « talan-yo » yon fason égal (cf. Mt 25, 14-30 ; Lc 19, 11-27).
- 1937
340
791
1202 Diférans sa-yo fè pati projè Bondié-a ki vlé pou chak moun résévoua nan min lòt-la sa-l bézouin-an, épi sa yo bay « talan » ki patikilié-yo pou yo kominiké yo ak sa-k bézouin yo. Diférans ant moun-yo ankourajé nan bay ak kè ouvri, nan byinvéyans épi nan kominikasion épi anpil foua sé yon obligasion sa yé ; li pousé kilti-yo pou youn anrichi lòt :

« Poukisa mouin té mété [vèrtu] ki tèlman diféran pou-m pa-t bay yon sèl tout, min youn jouinn sa-a épi lòt-la yon lòt ? [...] Ginyin sé sitou charité-a mouin ba-yo ; lòt, jistis-la ; sa-a, umilitéé-a ; lòt-la, yon lafoua vivan. [...] Épitou sé konsa pou anpil kado ak gras vèrtu-yo ak lòt réalité spirituèl épi kòporèl [...] mouin distribué yo tout ak anpil inégalité pou-m pa mété tout nan yon sèl moun, pou-l ka gin okazion oblijé pratiké charité-a youn aléga lòt ; [...] mouin té vlé youn bézouin lòt épi pou yo tounin minis mouin pou administré gras ak kado yo résévoua nan min-m yo » (S. Catherine de Sienna, dial. 1, 6).

1938 Gin *inégalité ki injis (inégalités iniques)* ki égzisté tou, ki frapé mil
2437 milion gason ak fi. Sa-yo dirèktéman an kontradiksion avèk Évanjil-la :

2317 « Égalité dignité moun-yo mandé pou yo rivé établi kondision lavi ki pi kòrèk épi pi alarotè moun-nan. Sé konsa tròp inégalité ékonomik épi sosial ant manb-yo oubyin pèp-yo nan yon sèl fanmi lèzòm-nan sé yon skandal, épi yo kontrè ak jistis sosial-la, ak égalité-a (ékité-a), ak dignité moun-nan kòm moun, ak lapè sosial épi intènasionnal-la » (GS 29, § 3).

III. Solidarité ant moun-yo

1939 Prinsip solidarité-a, sa yo rélé tou ak non « amitié » oubyin « charité
2213 sosial », sé yon égzijans dirèk fratènitè moun kòm moun épi kòm krétyin-an (cf. SRS 38-40 ; CA 10) :

360 Yon èrè prinsipal « toudabò ki tèlman gran koulié-a épi k-ap gayé tankou yon danjé, sé bliyé yo kontinué bliyé ni kijan moun-yo youn bézouin lòt, ni charité-a ki yon égzijans minm orijîn-nan ak égalité natu rasionèl tout moun-yo, kèlkésoua ras yo ladan-l nan, charité sakrifis Rédanmsion-an kòmandé-a, sakrifis Kris Granmèt-la té ofri sou otèl koua-a bay Papa pou tout tan-an kòm ékspiasion pou nanm-yo » (Pie XII, enc. "Summi pontificatus").

1940 Yo manifésté solidarité-a toudabò nan distribision byin-yo épi nan
2402 péyé sa travay-la mérité-a. Li impliké tou éfò pou yon lòd sosial ki pi konfòm ak jistis-la koté y-ap kapab rézoud tansion-yo pi byin épi koté y-ap kapab jouinn akò pi fasil pou soti nan yo.

1941 Problèm sosial-yo épi ékonomik-yo pap kapab rézoud si sé pa ak sékou
2317 tout fòm solidarité-yo : solidarité pòv-yo antré yo, rich-yo ak pòv-yo, travayè-yo antré yo, patron-yo ak ouvriyé-yo, solidarité ant nasion-yo épi ant pèp-yo. Solidarité intènasionnal-la sé yon égzijans lòd moral-la. Lapè sou tè-a dépann an pati dé sa.

1942 Vèrtu solidarité-a dépasé domèn byin matérièl-yo. Antan l'Égliz-la ap
1887 distribué byin spirituèl lafoua-a, l-ap édé anplis pou progrè byin tanporèl-yo, anpil foua sé li-minm ki ouvri chémin pou yo. Konsa, nan déroulman sièk-yo, li fè paròl Granmèt-la vîn réalizé : « Chèché toudabò péyi-roua

2632 Bondié-a ak jistis-li, épi tout bagay sa-yo ap vîn an plis pou nou » (Mt 6, 33) :

« Épi si dépi dé-mil ané déjà, nan nanm l'Égliz-la, sans responsabilité koléktif tout moun pou tout moun-nan pa-t vivan épi pèsévéré, kisa ki t-ap pousé épi k-ap pousé léspri-yo jous kounié-a pou charité éroyik-la tankou mouàn k-ap travay tè-yo, sa k-ap libéré ésklav-yo, sa k-ap géri malad-yo, sa k-ap poté lafoua-a, sivilizasion-an épi sians-la bay tout jénérasion-yo épi tout nasion-yo, pou kréyé kondision sosial ki kapab fè yon lavi ki dign vîn posib épi fasil pou yon moun ak yon krétyin » (Pie XII, discours 1^{er} juin 1941).

RÉZIMÉ

- 1943 *Sosiyété-a asiré jistis sosial-la, lè li ranpli kondision ki pèmèt asosiasion-yo épi chak individi jouinn sa yo doué-l la.*
- 1944 *Réspè pou moun-nan kòm moun konsidéré lòt-la tankou yon « lòt liminm ». Li sipozé tou réspè doua fondamantal-yo ki koulé sòt nan dignité intrinsèk moun-nan.*
- 1945 *Égalité ant moun-yo apuiyé sou dignité pèsonèl yo-a épi sou doua-yo ki soti nan dignité sa-a.*
- 1946 *Diférans ant moun-yo fè pati projè Bondié-a ki vlé nou youn bézouin lòt. Sa doué ankourajé charité-a.*
- 1947 *Égal dignité moun-yo kòm moun égzijé yon éfò pou rédui inégalité sosial ak ékonomik-yo ki égzajéré. Li pousé pou siprimé inégalité ki injis-yo.*
- 1948 *Solidarité-a sé yon vèrtu krétyin nan pi ro dégré. Li pratiké pataj byin spirituèl-yo pi plis toujou pasé sa-k matérièl-yo.*

[◀Atik
anvan-an](#)

[Gid jénéral-la](#)

[Atik▶
après-a](#)